1. Tabiat va madaniyat meroslarini asrash, mamlakatimiz tog‘ hududlarining bir-biridan geografik, tarixiy-etnografik, ijtimoiy, iqtisodiy xususiyatlari bilan farq qilishini hisobga olib Shimoliy, O‘rta, Janubiy tog‘ mintaqalarida turizmni rivojlantirish dasturlarini ishlab chiqish va amalga oshirish.

2. Tog‘ hududlarida tog‘ turizm faoliyatining ustuvor yo‘nalishlarini belgilash va rivojlantirish: tog‘ turizmi yo‘nalishlari-etnografik turizm, qishloq turizmi, ekologik turizm, ekstremal turizm, tabbiy turizm va boshqalar.

3. Tog‘ hududlarida sportni rivojlantirish asosida ularning milliy va xalqaro sport musobaqalarini o‘tkazish joyi sifatidagi ishtirokini ta’minlash.

4. Tog‘ hududlaridan o‘tadigan murakkab va havfli turistik mashrutlarda xavfsizlikni ta’minlash.

5. Tog‘ hududlarida turizmni rivojlantirish va tartibga solish, turistik mashrutlarini loyihalashtirish va turizm faoliyatini amalga oshirishda tog‘ hududlarida yashaydigan fuqarolarning huquqlari va qonuniy manfaatlarini hisobga olish.

**Adabiyotlar**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2021-yil, 9-fevraldagi “O‘zbekiston Respublikasida ichki va ziyorat turizmni yanada rivojlantirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PF-6165-son Farmoni.

2. Горы мира – глобалный приоритет. Редакторы Б. Мессерли. Дж. Айвз. Прев. с англ. Ред. русского изд. Ю.П.Баденков, В.М. Котляков. -М.: «Ноосфера», 1999, -С. 450.

3. Джумаев Т. Переспективы устойчивого развития горных районов Узбекистана. Изв. РАН. Сер геогр. 2002, №2, -С. 104-106.

4. Jumaev T.J. Bizning ulug‘vor tog‘larimiz. O‘zbekiston tog‘ zonasining barqaror rivojlanishi. Nazariya va amaliyot. Monografiya. –Toshkent: 2021, 700-b.

5. Федорко В.Н., Курбанов Ш.Б. Некоторые аспекты социалных условий жизни населения в горных районах Узбекистана // Вестник Ошского государственного университета. –Ош: 2022, -С. 196-205.

6. www.stat.uz

**REZYUME**. Maqolada tog‘li hududlarda turizm va rekreatsiya xo‘jaligini rivojlantirishning ba’zi geografik jihatlari ko‘rib chiqilgan. Shuningdek, mavjud nazariy va amaliy ma’lumotlar asosida tog‘li hududlari ijtimoiy-iqtisodiy rivojlanishi bo‘yicha yo‘nalishlar, xulosa va tavsiyalar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В стате рассмотрены некоторые географические аспекты развития туризма и отдыха в горных районах. Также на основе имеющейся теоретической и практической информatsii даются направления, выводы и рекомендatsii по социално-экономическому развитию горных регионов.

**SUMMARY.** The article considers some geographical aspects of the development of tourism and recreation in mountainous areas. Also, based on the available theoretical and practical information, directions, conclusions and recommendations for the socio-economic development of mountain regions are given.

## ТӘБИЯТ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТ ҚАТНАСЫҚЛАРЫНДА ҚОРШАҒАН ОРТАЛЫҚТАҒЫ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МАШҚАЛАЛАРДЫҢ КЕСКИНЛЕСИЎ ЖАҒДАЙЛАРЫ

**А.С.Нурланов –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** экологик инқироз, экологик ҳавфсизлик, деградация, Орол денгизи, атмосфера, иқлим, ер, сув, тупроқ, ҳаво, ҳарорат, табиий ресурслар, тежамли фойдаланиш, санитария, туберкулёз, инфекция.

**Ключевые слова:** экологический кризис, экологический безопастность, деградация, Аральское море, атмосфера, климат, земля, вода, почва, воздух, температура, природный ресурс, рациональное использования, санитария, туберкулёз, инфекция.

**Key words:** environmental crisis, environmental safety, degradation, Aral sea, atmosphere, climate, land, water, soil, air, temperature, natural resourse, rational use, sanitation, tuberculosis, infection.

Адамзаттың табийий қоршаған орталыққа кейинги жылларда тәсириниң артып барыўы жер шарының көплеген регионларында экологиялық машқалалардың кескинлесиўи артып бармақта. Соның ушын табиятты қорғаў ҳәм табийий ресурслардан ақылға муўапық рационаллы пайдаланыў глобал масштабта инсанлар келешеги алдында турған ең әҳмийетли мәселелердиң бири болып қалмақта.

Тәбийий орталық XXI әсирдиң соңғы 20-жылларында илимий техникалық прогресс жетискенликлери менен қуралланған өндирис күшлериниң ҳәм адамлардың тәсири нәтийжесинде үлкен өзгерислерге ушырамақта. Халық санының тез пәт пенен өсип барыўы ҳәм олардың күнделикли талапларына сәйкес санаат ҳәм аўыл хожалығы өнимлери менен тәмийнлениўде өндиристеги прогресстиң артып барыўы, тәбийий орталықтағы атмосфераның, суўлардың ҳәм жер қатламларының патасланыўына, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүнясының кемейиўине, ҳәттеки бирнеше мың жыллар даўамында бузылмай киятырған тәбият байланысларының белгили дәрежеде өзгериўине себепши болмақта.

Буған мысал ретинде узаққа бармай үлкемиздеги Арал теңизиниң қурғаўы менен байланыслы регионДағы экологиялық шараятлардың кескинлесиў жағдайларын келтиририўимизге болады.

Президентимиз Ш.Мирзиёев БМШ ның 2017-жылы 19-сентябрде болып өткен 72-сессиясында сөйлеген баянатында «Бүгинги күнниң ең өткир экологиялық машқалаларынан бири – Арал кризисине және бир мәрте дыққатыңызды қаратпақшыман. Мине, мениң қолымда – Арал апатшылығы сүўретленген карта. Ойлаўымша, буған артықша түсиндирмениң кереги жоқ. Теңиздиң қурыўы менен байланыслы ақыбетлерди сапластырыў халықара көлеминдеги ис-ҳәрекетлерди бирлестириўди талап етпекте. Биз БМШ тәрепинен Арал апатшылығынан жәбир көрип атырған халықларға әмелий жәрдем көрсетиў бойынша усы жылы қабыл етилген арнаўлы дәстүр толық әмелге асырылыўының тәрепдарымыз» [1] деб атап өткен еди.

Инсанлар тәрепинен тәбиятқа болған қатнасындағы өзгерислер ҳәзирги дәўирде сондай үлкен масштабта болды, олар тәбияттың раўажланыўында жүз беретуғын тең салмақлықтың бузылыўына қәўип туўдырмақта. Узақ ўақытлар даўамында тәбият адамлар ушын зәрүр болған материаллық байлықларды таўсылмайтуғын дерек сыпатында қарап келген. Таўсылатуғын ресурслар өз нәўбетинде қайта тикленетуғын ҳәм қайта тикленбейтуғын болып бөлинеди. Қайта тикленбейтуғын ресурслар пайдаланған ўақытқа қарағанда 100 мәрте әсте қайта тикленетуғын ямаса қайта тикленбейтуғын ресурсларды өз ишине алады. Тәбият ресурслары ҳәр қыйлы тезликте тикленеди: ҳайўанлар – бир нешше жылда, тоғайлар 60-80 жылда өнимдарлығын жоғалтқан топырақлар – бир нешше мың жылларда қайта тикленеди. Пайдаланыў тезилиги қайта тиклениў дәрежесинен асып кетсе онда пүткиллей жоқ болып кетиўине алып келеди.

Халықты қәўипсиз азық-аўқатлық өнимлер менен тәмийинлениўде жәмийетте жер суў ресурсларынан пайдаланыўға деген талап күшеймекте. Соған байланыслы топырақ суў ресурслары санаатлық ҳәм турмыслық шығындылар, нефть өнимлери, минералл төгинлер ҳәм пестицитлар, аўыр металлар ҳәм радиоактив

шығындылар менен патасланбақта. ЮНЕП шөлкеми есабаты мағлуматы (2008-ж) бойынша пүтин инсаният-тың тиришилик етиўи ушын зәрүр болған ресурслар муғдары жер бетинде бар болған муғдардан асып кетти. Экологиялық император (яғный бир адамды азық аўқат пенен тәмийнлеў ушын зәрүр болған жер муғдары) 21,9 гектарды қурайтуғын болса ҳәзирги дәўирдеги жердиң биологиялық мүмкиншилиги болса бир адамға орташа 15,7 гектарды қурайды.

Өндирислик кәрханалар менен транспорттың атмосфера қурамына шығарып атырған зәҳәрли газлериниң тәсиринде жер жүзинде климат шараятла-рының өзгериўине шөл майданларының артып барыўы менен суў ресурсларының кемейиўи, аўыл хожалық егислик жерлердиң өнимдарлығының пәсийиўи, шекленбеген түрде химиялық төгинлер пестицитлерди пайдаланыўдың артыўы нәтийжесинде ҳәр жылы 4,0-4,7 миллион гектардан аслам жер ресурслары хожалық айланысынан шығып, тәбийий орталықтың экологиялық диградацияға ушыраўы артпақта.

Атмасфера қурамындағы парник газлардың көбейиўи менен климаттың өзгериўи дүнья масшта-бында қурғақласыў процессиниң күшейўине алып келди ҳәм экстремал ҳаўа ҳәдийселери яғный аномал ыссылық ҳәм шөллениўдиң кеңейиўи жүз бермекте.

1920-жыл изертлеў мағлыўматларына қарағанда егер жер жүзинде глобалласыў ҳәзирги муғдарда даўам етсе ярым әсир ишинде жер жүзи халқының 3,5 миллиард адамы жарамсыз ҳаўа райы шараятында жасаўы мүмкин. Жыллық орташа температура +29 С дан асатуғын жер қурғақлығының (Сахара шөлине усаған) улыўма майданы 0,8 процентинен 19 процентке көтериледи. Жердеги орташа жыллық температураның ҳәр бир қосымша дәрежеге көтерилиўи миллиардқа жақын адамларды жасаўы ушын жарамсыз ҳаўа райы шараятларында қалыўы мүмкин [2].

Бүгинги күнде ыссы толқынлары, боранлар ҳәм суў тасқынлары сыяқлы тез–тез ушырайтуғын экстремах ҳаўа райы ҳәдийселери мыңлап адамлардың өлимине себепши болады ямаса майып қылады миллионлаған адамлардың турмысын бузады. Ҳаўа райының экстремал өзгериўи азық аўхат жетиспеўшилигине, жуғымлы кеселликлердиң тарқалыўына, әсиресе, безгек кеселликлериниң тарқалыўына алып келеди. Климаттың өзгериўи адамлардың руўхый саламатлығына зыянлы тәсир көрсетиўи ҳаққында дәлиллер бар. Ҳәдден тысқары жоқары температура жүрек қан тамыры ҳәм дем алыў органлары кеселликлерине ушыраған, әсиресе, қартайған адамлардың өлимине алып келеди. Мысалы, ушын 2003-жылдың жазында Европадағы күшли ыссы ҳаўа толқыны 70 мың адамның өлимине себебши болды [3].

Ҳәзирги күнде инсаниятның талаплары ушын жер астынан 120 миллиард тоннандан аслам пайдалы қазылмалар қазып алынады. Ҳалық хожалығының түрли тараўларында жылына 4000 км$^3$ дан аслам суў ислетиледи, жаныў процессинде 15 миллиард т. кислород сарп болады [4]. ЮНЕП (2005ж) мағлыўмат-лары бойынша ҳәр секундта атмосфераға 200 тоннадан аслам $CO_2$ газы шығарылмақта ҳәм 47 мың га тоғайлар бузылады, 346 мың га жерлер шөлге айланады, шама менен 100-300 түр өсимлик жоғалып атыр.

Европада ҳәм Арқа Америкадағы үлкен территория-ларда тоғайлар кесилип, самал ҳәм суў эрозиясы күшейип, өнимдар жерлер аўыл хожалық оборотына жарамсыз болып қалмақта, жер айналасындағы суў бойлары, атмосфера ҳаўасы, топырақлар, санаат, транспорт, социаллық-коммунал, аўыл-хожалығы шығындылары ҳәм басқа шығындылар менен патасла-ныўы жүдә күшейип кетти. Булар өз гезегинде планетамыз биологиялық ресурсларының жағдайына ҳәм әсиресе адамлар саламатлығына зыян жеткермекте.

Қарақалпақстан мысалында алатуғын болсақ, 1960-80 жылларда Орайлық Азия республикалары экономи-касының аграр тараўындағы пахта шийки затын жети-стириўде егислик жерлердиң шектен тыс ашылыўына байланыслы нешше әсирлерден бери теңизди суў ме-нен тәмийнлеп келген Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрьяның суў ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланбаўы нәтийжесинде Арал теңизиниң қурыўы менен экологи-ялық кризис жағдайларының пайда болыўына алып келди.

Кейинги жылларда Арал теңизи жағалаўларында ҳаўа райының климатлық шәраятларының белгили дәрежеде өзгериўи сезилмекте. Жаўын-шашынлардың орташа муғдары мәўсимлер бойынша төменледи, теңиз суўының қайтыўы менен қурғақ территориялардың майданы көбейип, жер бетинен орташа суўдың парла-ныўы жылына 1700 мм ге жетти, ал, ҳаўаңың ығаллығы 10 % ке кемейди. Хаўаның температурасы қыста төменлеп жазда 3-5 градусқа көтерилди. Жаз мәўси-минде ҳаўа райының температурасы айрым күнлерде +50 С$^0$ градусқа шекем жетти. Арал теңизи бойларының ҳаўа райының сыпатлы белгилериниң бири шаңлы дүбилейли күнлердиң санының артыўы ҳәм жыл даўа-мында көп қайталаныўы есапланады. Арал теңизи рай-онында күшли самаллар ҳәр ўақыт күзетилип батыс теңиз жағалық районларында оның узақлығы 50 сутка-дан асып кетеди. Самалдың максимал тезлиги 20-25 м/сек ға жетеди.

Арал бойы регионында жер ҳәм суў ресурсларының сапасы төменлеп эко-системаның турақлылығы ҳәм дүзилиси бузылып қоршаған орталықтың зәҳәрлениўи артып бармақта. Жыл даўамында 90 күнге шекем қум-лы, дузлы шаңлы дүбилейлер ҳәрекет етип қурғаған теңиз суў астынан атмосфраға жылына 75 мың тонна қум ҳәм дузлы шаңлар тарқалмақта. Барлық қурғаған теңиз суў астынан ҳәр жылы 39 мың тонна дузлар тарқалмақта. Теңиз ултаны астында Арал қум шөли 2 млн ға шамалас өнимдарлы ҳәм отлақлы жерлерди ба-сып алды. Космослық сүўретлерге қарағанда Арал теңизи территориясы шаң ҳәм дузлар менен қапланып оның радиусы кейинги мағлуматларға қарағанда шығы-ста Япония атаўы таўлы музлықларында, батыста Ев-ропаның Норвегия тоғайлы зоналарына шекем тарқалған.

Экологиялық апатшылық эпицентринде жасап атырған халықтың арасында анемия, бөтеке, баўыр, рак, астма ҳәм жүрек қан тамыры кеселликлери көбей-мекте. Қарақалпақстанда жас балалардың ҳәм аналар-дың өлими бойынша ҒМДА еллери ишинде жоқары көрсеткишлер сақланып қалмақта. Соңғы 10 жылда - туберкулёз, онкологиялық, инфекциялық ҳәм паразит-лик кеселликлер – паратиф, тиф, гепатит кеселликлери еки мәртеге көбейген [5].

Қарақалпақстан Республикасы шараяты жағдайында экологиялық дағдарыстың кун сайын кескинлесиўи кең жамийетшилик алдына тәбиятты қорғаў ҳәм олардан ақылға муўапық пайдаланыў мәселелери бойынша гео-графиялық орталықтың инсан турмысы, жасаўы ушын әҳмийети ҳаққында экологиялық билим ҳам тәрбия бе-риўди жетилистириў менен жергиликли халқымыздың географиялық саўатлылығын асырыў ҳәм экологиялық мадениятлылығын қәлиплестириў қусаған әҳмийетли ўазыйпалар жүкленеди.

Хәзирги ўақытта жәмиетимиздиң ислеп шығарыўшы кушлериниң жергиликли қазылма бай-лықлардың территориялық жайласқан орнын үйрениў ҳәм оны территориялық шөлкемлестириў мәселеле-рине әҳмиет күшеймекте. Халықтың қайсы табийий орталықта жасаўы олардың тек қана социаллық ҳәм экономикалық жағдайына тәсир етиўи менен бирге ҳәт-те олардың минез-қулқының кәлиплесиўине тәсир ете-туғыны анық.

Көпшилик жаслар үлкемиздиң табийғий ресурслары ҳәм пайдалы қазылма байлықларының өндирис муғдары ҳаққында мағлыўматларды билиўи менен шекленип өзлери жасап атырған табийий комплекслерге адам искерлигиниң тәсири ҳәм үлкемиздеги тәбиятты қорғаў жумысларының нелерден ибарат экенлиги ҳаққында кең түсиниклерге итибар бермейди. Усы мақсетте тәбият ҳәм жәмиет қатнасықларын үйрениў менен бирге оған тәсир этетуғын инсан факторларын тереңирек үйрениўди талап этеди.

Көпшилик адамлар қоршаған орталықты қорғаўы машқалалары оларға байланыслы емес деп қабыл етеди. Ҳаўа суў ҳәм топырақларды, завод кәрханалар патаслайды, ҳайўанлар ҳәм қусларды броконерлер, жоқ қылады деп инсанлардың бул ҳәрекетлерге ҳеш қандай қатнасы жоқ деп түсинеди. Бирақ, бул тийкарында ондай емес. Ҳәр биримиз ҳәр күни қоршаған орталық пенен қатнаста зыянлы ямаса пайдалы ҳәрекетлер қыламыз. Мысалы: үйимизден шыққан турмыслық шығындыларды, азық-аўқат қалдықларын өз тасланды орынларына апармаў, ямаса оны жағыў, ҳаўаны патаслаў, жеңил автомобиллердиң орнына жәмийетлик транспортлардан пайдаланыў мәселелериниң тәбиятқа қәўипсиз болатуғынын ҳәр күни өзлеримиз жетерли итибар қаратсақ бул ислеримиз қоршаған орталықты қорғаўға үлкен үлес қосқан боламыз.

Жасларға бүгинги күнги реал машқалалы жағдайлардың шешимине олардың ойлаў искерликлерин бағдарлап бул машқалаларды шешиўди ҳәр бириниң қатнасыўы зәрүр екенлигине толық исенимин оятыўымыз керек. Ҳәзирги экологиялық билимлендириўдиң мақсети оқыўшылардың дүняға көзқарасын кеңейтиў ҳәм раўажландырыў менен бирге жер бетиндеги жасаўшы ҳәр бир халықлардың тәбият пенен қатнасы ҳаққында еркин ойлап, баҳа бере алатуғын экологиялық мәдениятлы, саўатлы, рууҳый мадениятлы инсанларды тәрбиялап шығарыўдан ибарат.

Қоршаған орталыққа байланыслы жуўапкершиликли ҳәм нәтийжели жумысларды алып барыўда егер бизлер қоршаған орталықтың ҳәзирги жағдайы ҳаққында исенимли мағлыўматларды, ең әҳмийетли экологиялық факторлардың өз ара тәсири ҳаққында тийкарлы билимлерди топласақ, инсанлар тәрепинен тәбиятқа жеткизилген зыянларды кемейтиўге ҳәм алдын алыўға жаңаша усылларын ислеп шығыўға мүмкиншилик жаратады.

Жаслардың экологиялық мәдениятлылығын қәлиплестириўши бундай жуўапкерли ўазыйпаларды кең жәмийетшилик пенен бирге табыслы шешсек ғана мамлекетлик талим стандартларына сай бизиң келешегимизди белгилейтуғын географиялық саўатлы, экологиялық мадениятлы, жеке пазыйлетлерге ийе келешек әўладларды тәрбиялап шығарыў менен Республикамызда жүз берип атырған экологиялық дағдарысты турақластырыўға ылайықлы үлес қосқан боламыз.

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. 2017 жылы 19-сентябрьде БМШ ниң 72- сессиясы мәжилисинде сөзге шығыўы.
2. Бушуев М. «Климат к 2070 году: жара грозит миллиардам». –Москва: 2020.
3. Официальный сайт ВОЗ. https//www.who.int. «Изменение климата и здоровье» 18.11.2019.
4. Алибеков Л.А, Нишанов С.А. Табиатни мухофаза килиш ва табиий ресурслардан оқилона фойдаланиш. –Тошкент: 1983.
5. Четверная конференция министров "Окружающая среда для Европы". Государства Центральной Азии: Оценка окужающей среды, Дания, Орхус, июнь, 1998.

**РЕЗЮМЕ.** Орол денгизи қуриши натижасида Қорақалпоғистон Республикаси худудида экологик инқирознинг мураккаблашуви бу ердаги табиий муҳитнинг ўзгаришига асосан халқ хўжалигининг барча тармоқларига салбий тасирини кўрсатмоқда. Мақолада экологик инқирознинг табиий муҳитга тасири ва табиий ресурслардан оқилона фойдаланишнинг аҳамияти кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ.** С высыханием Аральского моря ухудшения экологического кризиса в регионе отрицательно влияет на изменения природной среды и во всех отраслях народного хозяйства Республики Каракалпакстан. В статье рассматривается оценка последствия экологического кризиса природных среды, основная роль и важности рационального исползовании природных ресурсов Каракалпакстана.

**SUMMARY.** The consequence of drying the Aral Sea is negatively influencing to the deterioration of the ecolocial crisis upon changing natural ambiences and especially to all branches of public facilities in the Republic of Karakalpakstan. In the article mentioned the importance of using rationally natural sources and the affects of ecological crisis to the surrounding.

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍN EKONOMIKALÍQ RAYONLASTÍRÍWDÍŃ GEOGRAFIYALÍQ TIYKARLARÍ

**K.K.Uzakbaev** – *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** geografik o'rin, aholi, iqtisodiy tuman, qishloq xo'jaligi, sanoat, xizmat ko'rsatish, ixtisoslashuv, shimoli-sharqiy iqtisodiy tuman, Shimoli-g'arbiy iqtisodiy tuman, Markaziy iqtisodiy tuman, janubiy iqtisodiy tuman.

**Ключевые слова:** географическое место, население, экономический район, сельское хозяйство, промышленность, сфера услуг, специализация, Северо-восточный экономической район, Северо-западный экономической район, Центральный экономической район, Южный экономической район.

**Key words:** geographical location, population, economic region, agriculture, industry, service sector, specialization, Northeast economic region, Northwestern economic region, Central economic region, Southern economic region.

**Kirisiw.** Aymaqlıq miynet bólistiriliwi hám onıń turaqlı «joldası» bolǵan qánigelesiw nátiyjesinde ekonomikalıq rayonlar qáliplesedi [2:40].

Búgingi kúnde ***ekonomikalıq rayonlastırıw*** júdá quramalı bolıp, ol aymaqtı shólkemlestiriwdi sistemalastıradı, aymaq turǵınlarınıń jasaw jaǵdayın jaqsılawǵa hám ekonomikalıq rawajlanıwına járdem beredi. Ekonomikalıq rayonlar ushın respublika kóleminde qánigelesiw tán bolıp, ónim almasıw keń kólemde ámelge asadı. Bunday rayonlardıń bir neshe qánigelesken tarmaqları bolıwı da múmkin.

*Ekonomikalıq rayon*: a) geografiyalıq ornı ózine tán; b) mámleket kóleminde qánigelesken; c) kompleksli xojalıq qáliplesken; d) tábiyiy baylıqlar jáne jumısshı kúshi menen támiyinleniwi basqa rayonlardan parıq qılatuǵın aymaqlar.

Ekonomikanıń rawajlanıwı menen tarmaqlar aralıq kompleksler quramalasıp baradı. Nátiyjede aymaqlıq baylanıslar da jetilisip, ekonomikalıq rayonlar qayta dúziliwi múmkin.

**Materiallar hám metodlar.** Qaraqalpaqstan Respublikasın ekonomikalıq rayonlastırıw Ózbekstan Respublikası Statistika komiteti Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması maǵlıwmatları tiykarında alıp barıldı.

Qaraqalpaqstan Respublikasın ekonomikalıq rayonlastırıw tómendegi metodlar járdeminde ámelge asırıldı:

1. Ekonomikalıq princip: ekonomikalıq rayon rawajlanıwınıń tiykarǵı háreketlendiriwshi kúshi social baǵdarlanǵan materiallıq islep shıǵarıw.

2. Social-ekonomikalıq komplekslilik: barlıq aymaqlıq elementler hám quramlıq bólimlerdiń óz ara baylanıslılıǵı.

3. Ajıratılǵan aymaqlardıń konkret aymaqlıq bóliniwi tiykarında awıl xojalıǵı, sanaat, xızmet kórsetiw tarawlarınıń rawajlanıwına qolaylı shárayat jaratılıwı.